



Pou Piblikasyon Imedya: 30/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**FÈ INVESTISMAN NAN BRONX: GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE SIPÒ POU NOUVO PATENARYA AK SÈVIS LOPITAL REZO SEKIRITE POU GRANMOUN AJE NAN BRONX AK NAN TOUT ETA A**

*Apwobasyon preliminè a pral bay jiska 142 milyon dola investisman nan patenarya ant St. Barnabas Hospital Health System, Cityblock Health ak Union Community Health Center*

*Amelyore Sèvis Ijans St. Barnabas Hospital Health System la ki resevwa 75,000 vizit chak ane*

*St. Barnabas Hospital Health System ap resevwa prim Pwogram Transfòmasyon Rezo Sekirite Swen Sante*

*Bidjè Egzekitif Gouvènè a pwopoze tou 45 milyon dola pou sèvis ki baze nan kay ak nan kominote a pou granmoun aje yo*

*Foto Gouvènè Hochul k ap prezante yon chèk bay St. Barnabas Hospital disponib sou paj [Flickr Gouvènè a](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a investisman Eta a nan yon nouvo patenarya ant St. Barnabas Hospital Health System (SBH), Cityblock Health ak Union Community Health Center. Apwobasyon preliminè a fè pati Pwogram Transfòmasyon Rezo Sekirite Swen Sante (Healthcare Safety Net Transformation Program) a, epi li gen ladan l yon investisman jiska 142 milyon dola nan Bronx, yon rekonesans sèvis esansyèl enstalasyon sante yo bay pou rezidan Bronx yo ak rejyon ki pi gwo a. Anons jodi a fè swivi ak mezi enpòtan Gouvènè Hochul te pran yo pou amelyore sante Nouyòkè yo. Etabli nan Bidjè yo Adopte pou Ane Fiskal 2025 la, Pwogram Transfòmasyon Rezo Sekirite Swen Sante a ankouraje patenarya ant lopital rezo sekirite ak òganizasyon swen sante yo pou amelyore rezistans enstitisyon rezo sekirite yo.

"Mwen pran angajman pou asire ke tout moun gen aksè a swen sante abòdab ak serye, kèlkeswa kote yo rete," **Gouvènè Kathy Hochul te deklare.** "Investisman n ap fè jodi a pral asire disponiblite resous esansyèl pou kominote Bronx lan pou ane k ap vini yo."

Gouvènè a te mete aksan sou pwopozisyon li tou pou ajoute yon lòt 45 milyon dola pou sèvis nan kay ak nan kominote a pou granmoun aje nan tout eta a, pou ede granmoun aje Nouyòk yo vyeyi nan anviwònman yo prefere epi asire moun k ap bay swen yo ak fanmi yo gen resous pou satisfè bezwen yo.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral St. Barnabas Hospital (SBH) Health System lan, David Perlestein, te deklare** "Nou espere ranfòse patenarya nou yo avèk UCHC ak Cityblock. Finansman sa a pral transfòmatè nan fason nou bay swen nan kominote nou an. Depatman Ijans nou an se souvan pòt devan nou kote nou trete vwazen nou yo nan moman ki pi difisil yo. Transfòme espas sa a ap ede nou sèvi plis pasyan epi sèvi yo nan yon fason ki pi diy. Mwen vle remèsye Gouvènè Kathy Hochul, Komisè McDonald, ak tout delegasyon lejislatif Eta Nouyòk nou an pou sipò yo, angajman yo ak lidèchip yo nan fè sa rive fèt."

**Direktè Egzekitif Jeneral ak Ko-Fondatè Cityblock Health, Doktè Toyin Ajayi, te deklare,** "Misyon Cityblock pou bay swen sante ki radikalman diferan ki te bati sou konfyans, senpati, ak konpreyansyon te kòmanse isit la nan kominote Vil Nouyòk yo. Nou felisite Gouvènè Hochul paske li te lanse pwogram transfòmatè sa a ki ann amoni ak misyon nou an – amelyore aksè a swen, amelyore kalite swen yo, epi mennen nan pi bon rezilta pou moun ki plis bezwen li. Kominote Bronx n ap sèvi grasa kolaborasyon nou ak St. Barnabas Hospital pral benefisye anpil nan investisman eta a nan alafwa swen depatman ijans ak nan sèvis sante konpòtmantal ak jesyon swen enpòtan. Avèk sipò Depatman Sante Eta Nouyòk, Cityblock ak St. Barnabas pral kapab konsantre sou amelyore rezilta sante pou plizyè milye rezidan Bronx."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Union Community Health Center, Douglas L. York, Ph.D, M.P.H., te deklare,** "Union Community Health Center (UNION) ekprime gwo rekonesans ak remèsiman li anvè Gouvènè Hochul e li bat bravo pou angajman li pou ranfòse aksè nan swen sante nan Bronx ak atravè Eta Nouyòk. Investisman sa a nan UNION rekonèt wòl enpòtan patenarya piblik-prive nan bay popilasyon ki pi vilnerab nou yo bon jan kalite swen ki baze sou kominote a. Lè nou sipòte founisè rezo sekirite tankou UNION ak SBH Health System, ansanm ak òganizasyon prive ki aliye ak misyon tankou Cityblock Health, Eta Nouyòk ap asire ke premye liy swen prensipal la rete yon poto nan sistèm swen sante nou an. Sant sante kominotè yo sèvi kòm yon resous ou fè konfyans, adrese faktè sosyal sante yo ak kenbe pasyan an sante, angaje yo nan swen yo, ak jwenn aksè nan sèvis prevantif ki diminye konplikasyon ki koute chè ak amelyore rezilta sante alontèm. Ranbousman dèt la pèmèt UNION an fè gwo investisman nan swen prensipal ak sèvis espesyalize ki nesèsè anpil, elaji aksè ak amelyore kalite swen pou kominote nou sèvi yo. Union Community Health Center espere travay ansanm ak patnè nou yo pou fè avanse inisyativ sa a epi elaji aksè a swen sante konplè e ekita pou tout moun."

**Komisè Sante Eta Nouyòk la, Doktè James McDonald, te deklare,** "St. Barnabas Hospital se te premye lopital mwen te vizite kòm Komisè Sante, e sa fè m fyè pou m wè lopital la kontinye amelyore epi bay rezidan Bronx yo sèvis enpòtan. Mwen remèsye

Gouvènè Hochul pou angajman inebranlab li pou bay sèvis esansyèl pou kominote vilnerab yo ak amelyore sante tout Nouyòkè yo."

**Greg Olsen, ki se Direktè Biwo Eta Nouyòk pou Granmoun Aje a, te deklare,** "Gouvènè Hochul rekonèt gwo kontribisyon granmoun aje yo nan kominote nan Bronx ak nan tout eta a. Bidjè Gouvènè a ak ajanda Eta Leta a avanse ogmantasyon finansman istorik pou sèvis kominotè yo pou ede moun reyalize sa nou tout vle pandan n ap vin granmoun: rete endepandan nan kominote nou chwazi a. Envestisman sa yo makonnen ak mezi odasye pou aksesibilite, sekirite, ak sante ki kreye nouvo opòtinite pou granmoun aje – ak moun tout laj – pou yo reyisi."

### **SBH Health System, Cityblock Health ak Union Community Health Center**

Atravè yon patenarya ak Cityblock Health ak Union Community Health Center, SBH Health System pral amelyore rezilta sante yo epi redwi vizit nan departman ijans ki pa nesèsè yo, pandan y ap ede bay Kominote Bronx lan pi gwo aksè ak sèvis sante konpòtmantal lokal yo. Plan yo enkli lanse yon patenarya ki baze sou valè pou jere bezwen sante konplèks apeprè 35,000 manm Healthfirst — 50 pousan ladan yo gen bezwen sante konpòtmantal. Pwojè sa a pral genyen yon amelyorasyon nan departman ijans St. Barnabas, ki kounye a resevwa 75,000 vizit chak ane nan yon espas ki fèt pou akomode sèlman 55,000 vizit chak ane.

### **Prim Pwogram Transfòmasyon Rezo Sekirite Swen Sante a**

Gouvènè Hochul te etabli Pwogram Transfòmasyon Rezo Sekirite Swen Sante a nan Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2025 la epi li te anonse finansman anplis pou pwogram lan nan ajennda Eta Leta 2025 li a. Atravè pwogram sa, Nouyòk ap ankouraje patenarya ant lopital rezo sekirite yo ak patnè swen sante yo ki amelyore rezistans enstitisyon rezo sekirite yo lè li bay kapital estratejik ak sipò operasyon, anplis fleksibilite nan règlemantasyon an ki obligatwa.

### **Elaji Finansman pou Sèvis nan Kay ak nan Kominote a pou Granmoun Aje yo**

Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2026 Gouvènè Hochul la bay 45 milyon dola nan finansman pou sèvis ki pa medikal nan kay ak nan kominote a pou granmoun aje - pi gwo envestisman nan sèvis pou moun aje nan kominote a nan istwa Eta Nouyòk. Finansman sa a pral ede plis granmoun aje vyeyi nan anviwònman yo pito, epi bay fanmi yo ak moun k ap bay swen yo resous yo konte sou yo. Li pral ede tou soulaje lis datant ke anpil granmoun aje nan tout eta a fè fas a pou sèvis lakay yo tankou manje, swen pèsònèl ak jesyon ka.

**Senatè Eta Luis R. Sepúlveda te deklare,** "Mwen vle ekspriye pi pwofon rekonesans mwen bay Gouvènè Kathy Hochul pou angajman fèm li pou amelyore sante ak byennèt tout Nouyòkè yo, espesyalman moun ki nan kominote defavorize tankou Bronx. Mwen te fyè pou m travay ansanm ak Gouvènè a pou asire yo te chwazi SBH pou Inisyativ Transfòmasyon Rezo Sekirite a (Safety Net Transformation Initiative). Atravè inisyativ enpòtan sa a, epi an patenarya avèk Cityblock Health ak Union Community Health Center, SBH pral resevwa envestisman enpòtan ki pral amelyore anpil swen pou kominote nou an. Amelyorasyon sa yo, ki gen ladan amelyorasyon nan departman ijans,

pral gen yon enpak dirèk ak pozitif sou plizyè milye rezidan Bronx ki konte sou SBH pou bezwen swen sante yo. Mwen pa ka tann pou m wè enpak pozitif inisyativ sa yo pral pote nan Bronx ak pi lwen."

**Manm Asanble Yudelka Tapia te deklare,** "Mwen aplodi Gouvènè Hochul poutèt li te bay plis pase 140 milyon dola nan St. Barnabas Hospital atravè Prim Pwogram Transfòmasyon Rezo Sekirite a. Finansman sa a pral fè amelyorasyon transfòmasyon nan sal ijans SBH a epi elaji patenarya ak lòt òganizasyon kominotè yo. Moun ki abite Bronx yo pral kapab jwenn plis sèvis swen sante ki gen bon jan kalite atravè investisman sa yo."

**Manm Asanble John Zaccaro, Jr. (AD-80), te deklare,** "Anons Gouvènè Hochul jodi a make kòmansman yon batay long pou amelyore sante kominote Bronx nou an ak pèmèt granmoun aje nou yo vyeyi byen ak respè nan anviwònman yo chwazi a. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè a dèske l invest nan kominote nou an ke yo bliye souvan pou asire jenerasyon k ap vini yo viv yon lavi ki pi an sante epi popilasyon granmoun aje nou renmen anpil yo ak moun k ap bay swen yo gen resous yo merite."

**Prezidan 1199SEIU United Healthcare Workers East Ian, George Gresham, te deklare,** "Invest nan lopital rezo sekirite, swen nan kay ak sèvis kominotè nou yo enpòtan anpil pou diminye inegalite nan swen sante yo epi sipòte byennèt Nouyòkè yo nan tout laj. Moun k ap bay swen 1199SEIU yo bat bravo pou Gouvènè Hochul pou inisyativ sa a, ki pote finansman enpòtan pou satisfè bezwen rezidan Bronx yo."

Investisman sa yo konplete travay Eta a ak pati konsène yo ap kontinye pou devlope Plan Direktè Gouvènè a pou Vyeyisman (Master Plan for Aging, MPA), Gouvènè Kathy Hochul te etabli nan kad [Dekrè Egzekitif 23](#) an novanm 2022 avèk objektif pou amelyore lavi Nouyòkè aje yo jodi a ak moun ki andikape yo, epi konstwi yon pi bon sistèm swen ak kominote ki pi enklizif pou yo lavni.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)